Reklamasyon Salè

Lwa sou salè ak lè travay yo kouvri sijè tankou salè minimòm, lè siplemantè, poz, konje ak peman revokasyon. Epitou manyèl Anplwaye w la ap gen ladan l tou règleman espesifik konpayi w lan sou peman, konje ak lòt dwa. Si ou pa dakò ak anplwayè w la sou kantite èdtan y ap peye w oswa kantite lajan y ap peye w la, li itil pou w konprann lwa a.

Reklamasyon Salè

Benefis Chomaj

Benefis chomaj (ke yo rele tou Asistans pou Rejwenn Travay) bay asistans finansyè tanporè pou moun ki pèdi travay yo. Asistans pou Rejwenn Travay (RA) ede travayè ki pap travay yo kouvri depans debaz pou viv pandan y ap chèche yon nouvo travay. Moun k ap aplike yo dwe okouran de kondisyon espesifik pou kalifye epi kenbe kalifikasyon pou benefis RA yo.

Benefis Chomaj